# Kesyonè Sante Kominotè

otokolan pasyan

1. **Nan ane ki sot pase a, èske ou menm oswa nenpòt manm fanmi w ke w'ap viv avèk yo a pa't rive jwenn aksè a nenpòt nan sa ki anapre yo lè sa te vrèman nesesè? Ansèkle tout sa ki aplikab yo.**
   a. Manje
   b. Rad
   c. Sèvis piblik
   d. Gadri
   e. Medikaman oswa nenpòt swen sante
   f. Telefòn
   g. Mwen/Nou TE rive jwenn resous sa yo
   h. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

2. **Ki kondisyon lojman ou jodi a?**
   a. Mwen gen lojman
   b. Mwen pa gen lojman (m rete ak lòt moun, nan yon otèl, nan yon abri, m'ap viv deyò nan lari a, sou yon plaj, nan yon machin, oswa nan yon pak)
   c. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

3. **Èske'w enkyete dèske'w ta ka pèdi kay ou a?**
   a. Wi
   b. Non
   c. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

4. **Èske mank transpò te anpeche'w ale nan randevou medikal, reyinyon, travay, oswa pou jwenn bagay ki nesesè pou lavi chak jou? Ansèkle tout sa ki aplikab yo.**
   a. Wi, li te anpeche'm ale nan randevou medikal oswa pou'm pran medikaman'm yo
   b. Wi, li te anpeche'm ale nan reyinyon ki pa medikal, randevou, travay, oswa pou'm jwenn bagay mwen bezwen
   c. Non
   d. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

5. **Ki sitiyasyon travay ou oswa lekòl ou ye kounye a? Ansèkle tout sa ki aplikab yo.**
   a. Nan lekòl
   b. Nan chomaj
   c. Travay tan pasyèl oswa tanporè
   d. Travay tanplen
   e. Osinon nan chomaj men pa'p chèche travay (egzanp: etidyan, andikape, retrete, moun k'ap bay swen a tan plen ki pa touche)
   f. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

6. **Konbyen fwa ou wè oswa pale ak moun ou renmen epi ou santi ou pwòch? (Pa egzanp: pale ak zanmi nan telefòn, vizite zanmi oswa fanmi, ale nan legliz oswa reyinyon klèb)**
   a. Mwens ke yon fwa pa semèm
   b. 1 oswa 2 fwa pa semèn
   c. 3 a 5 fwa pa semèn
   d. 5 oswa plis fwa pa semèn
   e. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

7. **Èske'w santi'w an sekirite fizikman e emosyonèlman kote w'ap viv kounye a?**
   a. Wi
   b. Non
   c. Pa sèten
   d. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

8. **Nan ane ki sot pase a, èske sa te rive ke ou te pè patnè ou oswa ansyen patnè ou a?**
   a. Wi
   b. Non
   c. Pa Sèten
   d. Mwen pa't gen yon patnè ane pase a
   e. Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a

9. **Èske ou ta renmen jwenn èd pou nenpòt nan sa nou te pale sou jodi a?**
   a. Wi
   b. Non

Vèsyon kondanse PRAPARE, yon zouti sondaj Sante pou Detèminan Sosyal ki soti nan Asosyasyon Nasyonal Sant Sante Kominotè.

Beth Israel Lahey Health
Performance Network

[Logo: Beth Israel Lahey Health